Citation: Fallou Ngom (PI), Gana Ndiaye, Cheikh Mouhamadou S. Diop, Martin Aucoin, Daivi Rodima-Taylor, and other contributors. 2022. "A Wolof Poem Praising Maam Jaaratul Laahi." https://sites.bu.edu/nehajami/the-four-languages/wolof/wolof-manuscripts/qasidak-wolofalu-maam-jaaratul-laahi/.

# Qasidak Wolofalu

# Maam Jaaratul Laahi

Sëriñ Muusaa Ka moo ko

taalif, raḍiya l-Lāhu ʿanhumā,

Wa nafaʿanā bi barakātihumā.

Āmīn.

Ibraahiima Joxaane moo ko móol.

[Page 1]

Bismi l-Lāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi

Wa ṣalla l-Lāhu taʿālā ʿalā sayyidinā

Muḥammadin wa sallama

Bismi illaahi ma jóg man sànt li l-Laahi

Sàngub jigéen ñi ci dunyaa Jaaratul Laahi

Ngir ñépp-ñéppa ko gàddul cànt war di ko woy

booleek ziyaaraa ka ñaanal Jaaratul Laahi

Bu dul kon ak sunu Maam Maryama Jaaratunaa

kon ñépp jaaru jahiim céy Jaaratul Laahi

[Page 2]

Bu dul kon ak rawdatub Maam Jaara fii Poroxaan

kon wuur ya daa xare duñ dem jannatal Laahi

Ne leen ko Alḥamdu li l-Lāhi l-karīmi. Di gëm

Tuubaa liman balaghay Maam Jaaratul Laahi

Hadiis ba nee ku dajeek taarix ba topp Sëriñ

Tuubaa du dem naari ngir Maam Jaaratul Laahi

Ñenenti téeméeri at ak junni mooy la ñu wax

loola di fanweeri at ngir Bàmba lil Laahi

Ne leen salāmu ʿalaykum Buso Jaaratunaa

Yaa donn Maryama yaw Maam Jaaratul Laahi"

[Page 3]

Iisaa ibnu Maryama Ruuhul Laahi kun la amoon

Jibriilu ñëw fayakuunu Jaaratul Laahi

Shaykh Bàmba nee qāda mā lam yakunī la mu am

Wa lā yakūnu limumkinin min al-Lāhi

Maa lay nuyoo ka ziyaare ka yërëmlu fi yaw

xol yaa ngi ruu yaa ngi sun cër yaa ngi lil Laahi

Yaa jara ziyaara di raam tey sukk tey joxe ay

àdiyya lil Laahi ngir Maam Jaaratul Laahi

Nàngul nu sun yéene ak sun jëf yi nàngu gu wér

Te boole nook Bàmba fī l-Jannati bil Laahi

[Page 4]

Bun yàqu bun yoqi bun yàq it la Bàmba defoon

Saadiq bu sax ci ndigël ngir Jaaratul Laahi

Ummu Khadīmi Rasūli l-Lāhi jaddatunā

Maam Jaara Busoo nu semmal Jaaratul Laahi

Dem leen ziyaara ji sun Maam Jaara qudwatinā

Roytéef la fii Poroxaan cëy Jaaratul Laahi

Ngir moo nu won ku nu doyloo doy Rasuulu te doy

Rabbu l-Warā Shaykh Bàmba Jaaratul Laahi

Doyloo lu doy doy na Shaykh Bàmba nu doy abadan

Te mooy donoy Khayru l-Khalqi l-Lāhi bil Laahi

[Page 5]

Jaajëf te jaajëf nde yaa jëf jëf ju tax ba nu am

ku kenn amul mooy di Qutbu l-Khalqi bil Laahi

Tāju l-karāmati fī l-dīwāni moo ko yoroon

Tiijaan ak Qaadirook naa Jaaratul Laahi

Raayaw ngënéel wa ca diiwaan ak dogal ya fa am

sa dooma yor lépp yow Maam Jaaratul Laahi

Waa Mulku ak Malakuut ak péeyi Arshiya sax

Shaykh Bàmba lañ daa safoo yaa Jaaratul Laahi

Yaa donn saw turàndoo Maryama yaa ko fi roy

Yaa seere kun fa yakūnu Jaaratul Laahi

[Page 6]

Seereel ne yaa bari ay ndam yaa amit jërëjëf

Yaa boole bāṭin wa dhāhir Jaaratul Laahi

Yaa donn Aminatun yaa donn Aasiyatun

Yaa donn Fatimatun Maam Jaaratul Laahi

Yaa boole ay ndam ci biir ak biti yaa mata roy

Di xeeñ sa mbor fàww jaajëf Jaaratul Laahi

Yaa rafetab juddu yaa dis gor te yaa ami may

Barkeel nga selli cosaan Maam Jaaratul Laahi

Yaa taaru yaa tabe am tiitar te deesula xas

Doo tooñ te deesula tooñ jàmbuur nga bil Laahi

[Page 7]

Yaa dëddu dunyaa ji daa woo xëy di waaj abadan

Doo wut alal yaa sawar bay rooti bil Laahi

Sa xëbb yaa tax ba réew yiy xëb-xëbi safi dex

Sa ndaa yu fees yaay taraawoo yi minal Laahi

Da ngaa lewet yaatu am ngor am teraanga ju mat

Xam Yàlla xam yilla jaajëf Jaaratul Laahi

Muñkat nga muuñkat nga doo mer far sawar te lefok

Njaxlaf nga maandu nga yaa mat Jaaratul Laahi

Yaa sàmmu yaa jaamu Yàlla ak Mustafaa ci lu wér

Ba Yàlla seereel ko réew mi Jaaratul Laahi

[Page 8]

Rafet-rafet jikko mën boppam di togg lu doy

Doo sàkk xéjj aki seen yaa Jaaratul Laahi

Day boole topp ndigël ak topp ab Sëriñam

Ak Yàlla bu wér Maam Jaaratul Laahi

Yaa boole fulla ju ànd ak fayda ak la ca war

Ak xel mu sotti mu sellal Jaaratul Laahi

Jigéen ñi war nañu laa roy xeeñ sa mbor ci lu wér

Tey xeeñ sa jeego ya ndax ñuy Jaaratul Laahi

Ñaanal ma man maak sa sët bii tuddu Aaminatun

Nu sax ci roy la bu wér Maam Jaaratul Laahi

[Page 9]

Yaa jëf lu kenn jëful yaa am lu kenn amul

Yaa mën lu kenn mënul Maam Jaaratul Laahi

Yaa jis lu kenn jisul yaa xam lu kenn xamul

Penkook soowook ñépp naa céy Maam Jaaratul Laahi

Yaa jur ku kenn jurul yaa jaar fu kenn awul

Yaa raw rawaale nu jaajëf Jaaratul Laahi

Yaa àgg àggale saw askan ba àggale far

Luy nit ku ñuul ak ku weex yaa Jaaratul Laahi

Maam Jaara yaa jara way giiñ naa ne yaa ami may

Yaa sell yaa tax nu sellal Jaaratul Laahi

[Page 10]

Jaaraama Jaara ku am jaaraama yaa ko waral

Sa dooma gën ñépp siggil Jaaratul Laahi

Sa dooma gën ciy Wolof moo gën ci réewi Arab

Faasak Maraakiis wa Baqdad Jaaratul Laahi

Jaaraama Maam Jaara ñaawoo njort daawula jëw

Doo jànni daawoo ràmbaj Maam Jaaratul Laahi

Siisoo añaanoo te daawoo bodde doo gédde far

Teggiin de yaa nu ko won yaa Jaaratul Laahi

Ak mokk ak nooy di wax far ndànk yaa nu ko won

Daawoo werantey xuloo Maam Jaaratul Laahi

[Page 11]

Semmal nga njalde ya woon boo bee ci yépp anam

Saay noon gàcceel nga leen Maam Jaaratul Laahi

Yaa yor teraanga ji fi dunyā wa ākhiratin

Siggil nga soodaan ak biydaan bil Laahi

Siggil nga Mbàkkeek Mbusóobeek jépp doomi Wolof

Bawol-Bawol ak Ajoor naa Jaaratul Laahi

Yaa tax ba doomi Wolof yiy denc ay miliyoŋ

Te seeni maam mësu koo jis Jaaratul Laahi

Tabāraka l-Lāhu fī nā ak sa sët yi nga am

Ci Mbàkkeek Mbusóobeek Jaaratul Laahi

[Page 12]

Maam Sàmba Maryama lam wax kenn dootu ko wax

Ḥamdan li man jaʿlā doon way wa bil Laahi

Mooy maami Aaminatin miy woylu woy wi le tey

Sët yàgg naa niru maamam Jaaratul Laahi

Sarax nu nun fan wu gudd ak barke yokk nu gëm

Ci shayhunaa may nu ab cër Jaaratul Laahi

Maam Jaara noo ngi dagaan sag cànt noo ngi woyaan

Ab cër ci yaw nang nu tibbal Jaaratul Laahi

Nàddil nu sëdd nu tibbal nu jox nu nook ñi ñu am

Ñoo ngii di xaaraan fi yaw Maam Jaaratul Laahi

[Page 13]

Doom laa te sët laa ci yaw far dib géwël di la way

Saa góor ga mooy géer ga may maay Jaaratul Laahi

Tibbal ma tey ndab lu rëy loo xam ne ñéppa ci xaj

Yokkal ma mbooloo mi ak seen bool yi lil Laahi

Na gëm yi yokku te bun yàqooti fii abadin

Wërsëk yi yokku te bum wañ̈ñeeku lil Laahi

Pastéef yi yokku nu sax cik jub di jaamu bu wér

Tey sopp Al-ḥāji Faḍlu l-Lāhi lil Laahi

Te sopp say sët Mbusóobeek Mbàkke far di ñu roy

noppeek goreek tabe làmboo nañ ko lil Laahi

[Page 14]

Nan mucc noog lu nu am nan aaru noog lu nu am

Nan sell noog lu nu am yaa Jaaratul Laahi

Seexal nu noog sunu mbooloo yaa fi seexal Fël

Ak Soose, ak Lawbe jaajëf Jaaratul Laahi

Yaa yor teraanga ji yaa yor sàq bi yaa mata way

Siggil nga soodaan jaajëf Jaaratul Laahi

Raayaw ngënéel waa nga Tuubaa sët ba yor na ko tey

Al-ḥāji Faḍīlu mooy xaliifa bil Laahi

Nūrun ʿalā nūrin min nūrin yunawwirunā

Maam Hawwa Busoo ko jur mooy Jaaratul Laahi

[Page 15]

Ndéy jaa di baayam ci seen askan baayam di ndéyam

Moo donn baatin ba ak saahir sa bil Laahi

Ndaw leer ci kaw leer ba leer ak Soxna Hawwa sosoo

Ci leeri askanu sun Maam Jaaratul Laahi

Leer ga nga jollee Mbusóobéek Mbàkke jànt la far

Leeral na dunyā wa ukhrā Jaaratul Laahi

Jumaay Shaykh Bàmba dootul am ci réewi Wolof

Nekkul ci réewi Arab ngir Jaaratul Laahi

Sooroori Màkkata ak sooroori Tayba ya ak

Qubbaati Bayti l-Muqaddas am na lil Laahi

[Page 16]

Sooroor ya sar na ba leeral Kursiyook Arash

Waa Mulku ak Malakuut naa Jaaratul Laahi

Waa Màkka ak Madiina ak Shaam ak Yaman ñi ngi ñëw

Ñéppay ziyaaresi sunu maam Jaaratul Laahi

Tambaakunda ak Bamakook Xaay ak Segook Abijaa

Ñéppay ziyaaresi sunu maam Jaaratul Laahi

Waa Bànjul ak Kaasamaas Joola ya yéppa ngi ñëw

Firdu yéek Susoo ngi ñëw Tuubaa illā l-Laahi

Maam Jaara yaa rëyi may sa bis bi mel na ne ḥaj

Réew yéppa wàpp di ñëw ngir Maam Jaaratul Laahi

[Page 17]

Guddig rañaan ga Rasuulul Laahi dem ba Arash

Mooy Màggalug Poroxaan ngir Jaaratul Laahi

Sëriñ Bashiiroo ko màggal bis ba Yàlla na am

Bishran wa shukran wa riḍwānan mina l-Laahi

Buddil nu gët ya fī l-nīrāni fī abadin

Musal nu fàww cig moy Yàlla lil Laahi

Musal ma fàww ci gémmiñ ak bëtak ku añaan

Dàqal nu shaytaane yaw Maam Jaaratul Laahi

Maam Jaara yaa rëyi may say ndam xajul ci kayit

Maneesu la wax li xew soodaan lil Laahi

[Page 18]

Li xew fi Tuubaa ki Daarook suusi Mbàkke-Bawol

Te lépp-lépp di say xarbaax minal Laahi

Saxaar yi ak otoraay ak roplaan dana ñëw

Tuubaa ngir rekk sab liggéey Maam Jaaratul Laahi

Robine yiy walàngaan kër yi yépp naat safi dër

Jën yaa ngi am Daaru Rahman Jaaratul Laahi

Setern yaa ngeek tarawoo yi di saf dexi Ndar

Diggànte Mbàkkéeki Tuubaa Jaaratul Laahi

Te xam ne mandiŋ la woon boobe ku sóobu di mar

Sa xëbb yaa tax nu feggat Jaaratul Laahi

[Page 19]

Sàkketi seng yi ak taax yéek bitik yi nu wër

Yaa tax nu am ko fa Tuubaa Jaaratul Laahi

Amaana kuy sikk tey sagooka tiitaru tey

Maam Buso Baaleeko naddil Jaaratul Laahi

Góor ñaak jigéen ña ngi saf tóor-tóor di saf rabi dex

Ngir sab liggéey yaa nu semmal Jaaratul Laahi

Te xam ne dañu daa ame roof-roppi tey paxaju

Ñu seeni awra di feeñ duñ Jaaratu Laahi

Yaa sàng awra yi naatal réew yi soppi Wolof

Mu fawqa Naar ak Tubaab yaw Jaaratul Laahi

[Page 20]

Penkoo ngi ñëw sóowu ñëw Gànnar di ñëw abadan

Waa Fuuta Tooro ngi waa Ñooroo ngi lil Laahi

Waa Bànjulak Sigicoor ak Kaasamaas ñi ngi ñëw

Waa Purtagees ñaa ngi gesoo Jaaratul Laahi

Tiijaan yi ak Qaadirook waa Màkka ñëw nañu ren

Laajal ma Sayyidinā al-Burhān wal Laahi

Moo yor daraapoo ba fi Màkkaak Madiinatu tey

Te ñëw na Tuubaa li wajhi l-Lāhi bil Laahi

Kenn mësla jis ba ñu rëddee àddunaak mile at

Ku romb Màkkaak Madiinaak Misra lil Laahi

[Page 21]

Di war fofalnaaw di war ci gaal saxaar ya di daw

Jëm sówwu jànt ne day ziyaara lil Laahi

Kon nak selenglu nga yaw Maam Jaara yaa rëyi ndam

Ngir yaa ma tax di amub yar Jaaratul Laahi

Naa yem ci yaw foofu ngir say may xajul ci kayit

Giiñ naa ni yaa sotti yaw Maam Jaaratul Laahi

Man Soxna Aaminatun sab sët du maa la fi way

way wii di roy Soxna May yaa Jaaratul Laahi

Roy du niirook piir nde kon tey jii ma woy Wolofal

Woo xam ne semmal na yaaraam Jaaratul Laahi

[Page 22]

Muusaa Khadīmu Khadīmi l-Muṣtafaa ko defar

Yokkaat ko xarbaax ci sun Maam Jaaratul Laahi

Jazāhu Rabbu l-Warā khayran wa ʿāfiyatan

Nee leen ko jaajëf ne jaajëf Jaaratul Laahi

Te jaajëfal Shaykh Faḍlu l-Lāhi mooki ràkkam

Ak Shaykh Bashiiroo ki màggal Jaaratul Laahi

Te jaajëfal ki mu àndal di Shaykh Ahmadu Ñaŋ

Miy doomu Ahmadu Ñaŋ ngir Jaaratul Laahi

Te ngeen ziyaaraji Tuubaa dem ziyaareji Naa-

wel dem ziyaareji sunu maam Jaaratul Laahi

[Page 23]

Maam Asta Waalo nga Naawel leer ga jolli na wéy

Leeral na waa Poroxaan mook Jaaratul Laahi

Ndaw leer ci kaw leer ba leer ak Shaykh Bàmba solloo

Ci suufi Tuubaa ba leeral réew yi lil Laahi

Wa ṣalli rabbi ṣalātan li antihāʾa lahā

Maʿa salāmin ʿalā mukhtāri li l-Lāhi

---------

Allāhuma ṣalli ʿalā sayyidinā Muḥammadin al-nabiyyi

l-umiyyu, wa ʿalā ālihī wa ṣaḥbihi wa khadīmihi

wa ummatihi wa sallim.